## Byenvni Nan Sistèm Enskripsyon Pre-Jadendanfan (VPK) Eta Florid La.

Sistèm sa a se pou enskri timoun nan pwogram VPK nan Eta Florid.

Si w ta renmen plis enfòmasyon osijè VPK nan Eta Florid lan, gid sila yo disponib:

- Tiliv pou Paran
- Gid Paran yo

Se pou pitit ou ranpli kritè sila yo pou li kapab elijib nan pwogram VPK nan Eta Florid:

- Se pou pitit ou rezide nan Eta Florid.
- Timoun nan dwe gen 4 an anvan oswa 1ye septanm 2014 oplita pou w kapab enskri li pou pwogram lekòl tout lane a pou pwogram lane 2014-2015.
- Timoun nan dwe gen 4 an anvan oswa 1ye septanm 2014 oplita pou w kapab enskri li pou pwogram peryòd lete pou pwogram lane 2014-2015.

Si pitit ou ranpli kritè ki endike anlè yo, tanpri klike sou bouton **Kontinye** ki anba a.

Si pitit ou vle enskri an te deja patisipe nan yon pwogram VPK Eta Florid, tanpri kontakte kowalisyon aprantisaj bonè nan Konte ou ta renmen resevwa sèvis to.

Si w vle enskri plis pase yon timoun, w ap kapab fè l, apre premye aplikasyon an konplete.

Kontinye

Tanpri kontakte kowalisyon ansèyman pou timoun piti pou w kapab jwenn asistans touswit.

Ou kapab wè sit sa a pibyen grasa Internet Explorer.

## Koneksyon Pou Paran/Gadyen

Mwen bezwen enskri pou yon nouvo kont.

Mwen bezwen chanje modpas mwen.

Mwen gen yon kont, men mwen bliye modpas mwen an.

### Enfòmasyon konsènan Kont mwen

Non itilizatè Paran/Gadyen an (make yon adrès imèl ki valab)

Modpas (se pou li omwens 6 karaktè)

☐ Sonje non itilizatè ak modpas mwen an

Konekte W

Tanpri kontakte kowalisyon ansèyman pou timoun piti pou w kapab jwenn asistans touswit.

Ou kapab wè sit sa a pibyen grasa Internet Explorer.

## Byenvni Nan Sistèm Enskripsyon Volontè Pre-Jadendanfan (VPK) Eta Florid - OEL-VPK 01-SPEHC (08/2014), Rule 6M-8.201

Kreye yon nouvo aplikasyon VPK

Anba la a w ap jwenn yon lis aplikasyon VPK pou manm nan fanmi w.

| Non Pitit la | Nimewo Konfimasyon | Sityasyon Aplikasyon an | Kilè Aplikasyon an te aktyalize pou dènye fwa | Aplikasyon VPK | Chaje | Enprime Aplikasyon VPK | Sètifika Elijibilite Pitit la |
|---|---|---|---|---|---|---|---|

## Kòmanse Aplikasyon VPK An

Tanpri make enfòmasyon yo mande a anba la a. Se pou make repons la tout kote ki gen yon (*). Tanpri klike sou bouton ki rele Kontinye (**Continue**) ki anba paj la lè w fini.

### ENFÒMASYON OSIJÈ PITIT AK PWOGRAM LA

| | |
|---|---|
| **Prenon** | |
| **Dezyèm Prenon** | |
| **Siyati*** | |
| **Sifiks** | |
| **Etnisite *** | ○ Panyòl ○ Pa Panyòl |
| Ras *Tcheke tout sa ki aplike.** | ☐ **Azyatik** ☐ **Awayi / Pasifik** ☐ **Nwa** ☐ **Endyen US/Alaskan** ☐ **Blan** |
| **Sèks*** | ○ Gason ○ Fi |
| **Dat nesans MM/DD/YYYY*** | |
| **Nimewo Sekirite sosyal ###-##-####**** | |
| **Lang natifnatal*** | --tanpri chwazi yon valè-- |
| **Konte pou resevwa Sèvis VPK yo*** | --tanpri chwazi yon valè-- |
| **Sesyon VPK ou ta swete*** | Ane lekòl la (540 èdtan) |
| **Anviwònman ou pito pou Pwogram la** | (Ki baze sou lafwa swen pou timoun, lekòl prive,) Prive founisè |
| **Kijan ou te vin tande pale de VPK?** | Jounal |
| **Èske ou ta renmen resevwa enfòmasyon sou lòt pwogram ansèyman pou timoun piti oswa sèvis? ***** | ◉ Se pa ○ Wi |

** Bay Nimewo Sekirite sosyal Pitit ou sou fòm sa a

Nimewo Sekirite sosyal pitit ou pa nesesè men yo mande li selon s. 119.07(5) (a)2.,F.S., pou yo sèvi avèk li nan dosye ak sistèm done ki nan Biwo Aprantisaj Bonè a, Depatman Edikasyon, distri lekòl yo ak kowalisyon aprantisaj bonè yo. Si w deside bay nimewo Sekirite sosyal pitit ou an, yo pral sèvi avèk li pou idantifikasyon woutin pitit ou an pou fè korelasyon ant rezilta pitit ou an nan tès jadendanfan pou tout Eta a bay founisè oswa lekòl la ki okipe pitit ou nan pwogram VPK an pou kapab asiyen founisè an oswa lekòl la yon nòt ki montre nivo preparasyon li pou jadendanfan konfòmeman ak s. 1002.69, F.S..

***LÒT PWOGRAM EARLY LEARNING (si ou vle)

Se pou fanmi ou ka kalifye pou lòt pwogram ansèyman pou timoun piti oswa sèvis pou ou ak pou pitit ou yo, ki soti nan ti bebe a ki gen laj lekòl, ki gen ladan tout jounen sèvis preparasyon pou lekòl, resous ak rekòmandasyon, Florida Kid Care, ak sèvis sosyal.

Enfòmasyon Paran Oubyen Gadyen

| | |
|---|---|
| Prenon* | |
| Dezyèm Prenon | |
| Siyati | |
| Sifiks | |
| Etnisite * | ○ Panyòl ◉ Pa-Panyòl |
| Ras * | ☑ Azyatik ☐ Awayi / Pasifik ☐ Nwa ☐ Endyen US/Alaskan ☐ Blan |
| Sèks * | ○ Gason ◉ Fi |
| Ki relasyon ou ak Pitit la * | Paran / Bo |

Adrès Paran oswa Gadyen an (Sa ta dwe menm adrès ak adrès kote pitit la rete.)

| | |
|---|---|
| **Adrès Premye Liy*** | |
| **Adrès Dezyèm Liy** | |
| **Vil*** | |
| **Konte*** | |
| **Eta** | FLORID |
| **Kòd postal*** | |

Enfòmasyon pou Kontakte Paran oubyen Gadyen an

| | |
|---|---|
| **Nimewo Prensipal pou Kontakte Moun ki Respons Pitit la (###) ###-####*** | |
| **Dezyèm Nimewo pou Kontakte Moun ki Responsab Paran an (###) ###-####** | |
| **Imèl (lekti sèlman)** | |
| **Metòd Moun ki Responsab Pitit la pito pou yo kontakte li** | Imèl |

Lòt Paran oswa Gadyen (si genyen)

| | |
|---|---|
| **Prenon** | |
| **Dezyèm Prenon** | |
| **Siyati** | |
| **Sifiks** | |
| **Ki relasyon ou ak Pitit la** | Paran / Bo |

Kontinye

## Sipòte Upload Dokimantasyon

Si w vle fini fè pwosesis aplikasyon an, w ap bezwen bay prèv rezidans nan Eta Florid, prèv sou laj pitit ou genyen, epi si sa aplikab, Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) pitit ou an.

**Si w vle chaje yon dokiman, klike sou bouton ki koresponn lan epi chwazi dokiman ou vle tache.**

Si w pa gen dokiman sa yo disponib koulye an, ou gendwa sote etap sa a epi tounen pi ta pou ajoute dokiman yo. Epitou ou gen opsyon pou mennen dokiman yo nan kowalisyon aprantisaj bonè ki pi pre w lan si w pa vle voye yo sou Entènèt.

### Dokimantasyon rezidans nan Florida

Paran yo dwe bay dokiman ki pwouve pitit yo ap viv nan Eta Florid pandan ke yo yo pral patisipe nan pwogram VPK a. Yon timoun k ap viv nan Eta Florid ki kalifye pou pwogram VPK ansanm avèk dokiman apwopriye.

Dokiman jistifikasif ki endike ki kote ou gen rezidans ou:

- Bòdwo sèvis (elektrisite, gaz, dlo), kab, oswa telefòn lakay la;
- Bout chèk;
- Kontra lokasyon reidans oswa resi pou peman lwaye;
- Dokiman Leta bay (pa egzanp, pèmi kondwi Florida, kat idantite Florida, estimasyon taks sou pwopryete ki montre yon egzanpsyon pou rezidans prensipal); oubyen
- Lòd militè ki montre paran pitit la se yon manm lame Etazini epi yo voye travay nan Florida kote pitit la ap patisipe nan pwogram VPK a.

Si pa gen okenn dokiman nan sa ki anlè a ki disponib, yon kowalisyon kapab aksepte yon deklarasyon anba sèman paran pitit la fè oswa afime ki vini avèk yon lèt ki soti nan men yon pwopriyete kay oswa pwopriyetè yon pwopriyete ki konfime pitit la rete nan adrès ki make nan deklarasyon anba sèman an. Si pa gen okenn dokiman jistifikatif anlè a ki disponib pou yon timoun oswa yon jennjan ki sanzabri, yon kowalisyon pral dokimante rezidans lan sou labaz lòt dokiman jistifikatif ki montre timoun lan oswa jennjan an sanzabri epi li rezide nan Florida (pa egxzanp, lèt yon abri pou sanzabri oswa yon deklarasyon anba sèman paran pitit la oswa li afime). Klike la a pou wè Prèv Rezidans ki valab

**Si w telechaje yon fichye ki se yon PDF oswa yon imaj (tankou yon JPG oswa yon GIF), tanpri vizyone dokiman ou an anvan pou w voye li pou w ka konnen si li lizib.**
**(Fichye tèks tankou dokiman word akseptab men yo pa disponib pou vizyone yo atravè sistèm sa a.)**

Browse pou File...

### Dokiman pou pwouve laj

Se pou paran yo bay dokiman ki pwouve pitit yo gen 4tran nan dat 1ye septanm oplita pou lane pwogram kote yo vle enskri pitit yo.

Dokiman ki pwouve ki laj pitit ou genyen:

- Yon orijinal oswa yon kopi sètifye sètifika nesans pitit la ki anrejistre konfòmeman ak lalwa opre ofisye piblik ki apwopriye a;
- Yon orijinal oswa yon kopi sètifye batistè pitit la oswa lòt dokiman relijye ki anrejistre nesans pitit la, ki vini avèk yon deklarasyon anba sèman ki vre ak kòrèk, paran pitit la konfme anba sèman oubyen afime;
- Kontra asirans sou lavi pitit la ki aplikab depi omwen de (2) lane;
- Yon paspò oswa yon sètifika ki montre lè li te antre Ozetazini;
- Yon kanè vaksinasyon yon ofisyèl lasante oubyen yon doktè siyen; oswa
- Yon kat idantite militè pou depandan ki valab.

Si okenn nan pami dokiman ki make anlè a pa disponib, yon kowalisyon kapab aksepte yon deklarasyon anba sèman yon paran sou laj pitit la ki vini avèk yon sètifika laj yon ofisye sante piblik oubyen yon doktè siyen ki deklare laj pitit la ki make nan deklarasyon anba sèman an vre ak kòrèk.

**Si w telechaje yon fichye ki se yon PDF oswa yon imaj (tankou yon JPG oswa yon GIF), tanpri vizyone dokiman ou an anvan pou w voye li pou w ka konnen si li lizib.**
**(Fichye tèks tankou dokiman word akseptab men yo pa disponib pou vizyone yo atravè sistèm sa a.)**

Browse pou File...

### Dokiman Plan Edikasyon Endividyèl (IEP)

(Aplikab sèlman si w vle enskri pitit ou pou Pwogram Sèvis Enstriksyon Espesyalize VPK [VPK SIS] an).
Voye yon kopi IEP an pou w kapab kontwole ak distri lekòl lokal la si pitit ou gen yon plan edikasyon endividyèl koulye an.

**Si w telechaje yon fichye ki se yon PDF oswa yon imaj (tankou yon JPG oswa yon GIF), tanpri vizyone dokiman ou an anvan pou w voye li pou w ka konnen si li lizib.**
**(Fichye tèks tankou dokiman word akseptab men yo pa disponib pou vizyone yo atravè sistèm sa a.)**

Browse pou File...

Sote sa a Etap | Voye tout Dokiman

## Sètifikasyon Aplikasyon VPK An

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen sètifye

- Mwen li VPK Tiliv pou Paran ak Gid pou Paran VPK a.
- Mwen te analize aplikasyon sa a, epi enfòmasyon mwen bay yo kòrèk ak presi, dapre sa mwen konnen.
- Depi pitit mwen enskri nan pwogram VPK an, mwen konprann pitit mwen pral fè tès jadendanfan pou tout Eta a pou chèche konnen si li pare pou antre nan jadendanfan.
- Mwen konprann pwogram transpò prematènèl lan anba responsabilite mwen (paran oswa gadyen an).
- Epitou mwen konprann se resonsabilite pa mwen pou mwen repere yon founisè oswa yon lekòl prematènèl ki elijib epi pou enskri pitit mwen opre founisè oswa lekòl sa a.
- Mwen konprann mwwen gendwa enskri pitit mwen swa nan yon pwogram pou tout lane lekòl la (540 èdtan enstriksyon), nan yon pwogram peryòd lete (300 èdtan enstriksyon) oswa nan yon pwogram SIS prematènèl, si sa nesesè.
- Mwen konprann si mwen enskri pitit mwen an nan yon pwogram VPK ki deja kòmanse, pitit mwen an gendwa pa resevwa tout kantite èdtan enskriksyon yo.
- Mwen konprann tou mwen (paran oswa gadyen an) de respekte politik founisè a oswa lekòl la konsènan absans ak reta epi se pou mwen kontwole kantite reta ak absans pitit mwen chak mwa.
- Mwen konprann ke pitit mwen an gendwa re-enskri yon sèl fwa nan yon pwogram prematènèl [Seksyon 1002.71, Konstitisyon Florida, (F.S.)].
- Mwen konprann yo pa kapab apwouve aplikasyon mwen jiskaske dokiman rezidans ak dokiman verifikasyon laj pitit mwen [ak plan edikasyon endividyèl (IEP), si genyen] rive epi apwouve.
- Mwen konprann depi aplikasyon pitit mwen an apwouve, m ap resevwa yon notifikasyon pou enfòme mwen sètifika elijibilite pitit mwen an disonib.

**Siyati Paran an**

| | |
|---|---|
| Non Paran oswa Gadyen an okonplè | |
| ☐Tcheke bwat la pou sètifye grasa yon siyati elektwonik | |
| Dat lè aplikasyon an fèt | 10/20/2014 |

Voye Aplikasyon an

## Felisitasyon, Amy Mitchell! Ou Fin Fè Aplikasyon VPK Ou An.

Nimewo konfimasyon ou an se 1234. Yon reprezantan nan kowalisyon aprantisaj bonè lokal pral kontakte w apre yo fin analize aplikasyon ou an pou fè w konnen si yo te aksepte aplikasyon ou an. Ou gendwa kotnakte tou kowalisyon aprantisaj bonè ki pi pre w lan dirèkteman, si w gen nenpòt kesyon.

Kisa ou ta renmen fè apre sa?

- Jwenn plis enfòmasyon sou VPK nan kowalisyon ansèyman pou timoun piti nan zòn ou an
- Enskri yon lòt timoun nan VPK
- Pran yon lòt kopi aplikasyon VPK ou an
- Retounen nan meni prensipal la
- Dekonekte w nan sistèm lan